Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 7 (7356)
14 февраль 2019 сон
Хамиз
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

Поселокалъул жамагIаталъул данделъи

# Диниял вакилзабигун дандчIвай



I2 февралалда Шамильхъала поселокалъул ГIадатазулгун культураялъул

Централда букIана рухIияб рахъалъул вакилзаби гIахьаллъараб жамагIаталъул данделъи. Гьенир гIахьаллъана РДялъул Муфтияталъул МугIрузул округалъул полономоченнияв вакил М. ГIабидов, Унсоколо районалъул имам Гъ-М. Абакаров, РДялъул Муфтияталъул лъай кьеялъул Унсоколо районалда бугеб отделалъул нухмалъулев М. МуртазагIалиев, поселокалъул администрациялъул бетIер М. ХIажиев, Шамильхъала поселокалъул имам М-З. НурмухIамадов.

Саламги кьун данделъи рагьана М-З. НурмухIамадовас. Гьес рагIи кьуна районалъул имам Гъ-М. Абакаровасе. Имамас жиндирго кIалъаялда бихьизабуна «Диниял, власталъул ва жанисел ишазул органазул вакилзабазе хIажат бугин цадахъ рекъон хIалтIизе, цоцазе кумек гьабизе, гьелдалъун гIадамазда гьоркьоб динияб лъай кьеялъул хIалтIи лъикIлъиялъе кинабго гьабизе»,-абун.

Жиндирго кIалъаялда М. ГIабидовасги бицана поселокалъул ва районалъул гIолеб гIел куцай, гьезие рухIиябгун гIамал-хасияталъул тарбия кьей кодохъ босизе кколин. Гьесие рикIкIен гIемерал суалал кьуна данделъиялда гIахьаллъараз. Гьезул цояб букIана поселокалда руччабазе ца-кIал къачIалеб кабинет рагьиялъул. Гьес гьединаб кабинет рагьи лъикIаблъун рикIкIана ва гьебги цогидалги х1ажатал бакIал рагьиялъе кверакъизе кколин бихьизабуна.

Гьединго данделъиялда «ЕИСалъул» нухмалъулев М. ХIайбулаевас районалъул имам Гъ-М.Абакаровасе кьуна «Жигараб динияб хIаркаталъе гIоло» Шамилил премиялъул ва шапакъатазул Халкъазда гьоркьосеб комитеталъул грамота. Ахиралда данделъиялда гIахьаллъаразе баркала загьир гьабуна М. ГIабидовас.

МагIарулазул гIадатал

## «ННТ» - ГьаракIуни

I2 февралалда нилъер районалъул ГьаракIуни росулъе рачIун рукIана Кавказалъулаб хурма магIарулаз бакIарулеб куцалъул репортаж бахъизе «Наше Национальное телевидение» телевизионнияб компание. Лъалеб букIахъе хурма барщула ва бакIарула февраль моцIалда. Щибаб соналъ гьерекIдерица жидерго участкабаздаса гьеб бакIарула цоцазе кумекги гьабун, кумекалъе ун, ай гвай бан.

ГьерекIдерица хурма бакIари тIубараб праздникалде сверизабула. Гьеб процесс росулъ уна кучIдул, частушкаби ахIулаго, кьурдаби гьарулаго, махсаро-хочIалда.



Кинабго байбихьула гъутIбуздеги рахун хурма чIвалаго, ай гъвинабулаго. Гьеб бажарулев чи ахIула росулъа. Аслияб кумек букIуна халатаб кIудияб гIералъул, гьеб бахъун букIуна махил гъветIалъул. Гьединаб гIер бекуларо, халалъиялъ кумек гьабула гьотIода рикIкIада ва борхалъуда бугеб пихъ гьвинабизе. Пихъ гьвинабизе рес бугебщинаб бакIалда гьоркь тIамула чIахIиял хамил кескал. Свера-хьверун хурма бакIарун бахъиндал данде руссуна хамиде гъвараб хурма бакIаризе, бацIцIад гьабизе, гьеб абуни уна кучIдул ахIулаго, махсаро-хочIалда. Жанибе базе рукIуна хасал тIагIелал, хадуб бала гьелъие хIадурараб корзинаялъубе, гьеб лъола хIамузда тIад ва баччула рокъобе. Хадуб гьеб босула шагьаразде бичизе.

## Гьаризесел тадбирал дандрана

Анкьил байбихьуда райадминистрациялъул конференцзалалда букIана школазул директоразул, тарбия кьеялъул рахъалъ заместителал ва ОБЖялъул нухмалъулезулги данделъи. Гьеб бачана администрациялъул гIолилазулгун хIалтIи гьабиялъул отделалъул начальник А. МухIастановас. Совещаниялда гIахьаллъана лъай кьеялъул отделалъул хIалтIухъабиги.



Къойил аслияб темалъун букIана ТIолгороссиялъул «Зарница» спортивияб хIаялде призывалде ахIичIел гIолилал хIадури. Гьеб тIобитIулеб буго КIудияб ВатIаниияб рагъ лъугIун 74 сон тIубаялъул хIурматалда (I94I-I945 с.с.).

Жиндирго кIалъаялда А. МухIастановас бицана гьеб тадбир тIобитIиялъе бугеб Положениялъул аслиял рахъазул. Гьеб хIай гIуцIун буго РДялъул ГIолилазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул рахъалъ Министерствалъгун цадахъ бакIалъулаб самоуправлениялъул гIолилазул политика бачунеб отделалъ. Тадбир тIобитIулеб буго гIолеб гIелалъе рагъулгун патриотикияб тарбия кьеялъе, рухIиябгун физическияб щулалъи гьезулъ куцаялъе ва гIолилазда гьоркьоб рагъулаб хъулухъ тIубаялъе лъикIаб хIадури щвеялъе.

Хал гьабизе буго армиялде ахIичIел гIолилазул рагъулаб рахъалъ бажарилъаялъул ва физическияб хIадуриялъул бугеб хIал.

Данделъиялда гIахьаллъараз къецал байбихьилалде цере хIадурлъиялъул этап гIуцIизе предложениял кьуна. ТIоцебесеб этап букIине буго 28 февралалда.

Хадуб бицана школазда КВН ва Брейнринг гIадал тадбирал гIуцIизе ругиланги. Школазда гьел тIоритIизе руго март моцIалдаса нахъе.

Гьединго бихьизабуна март моцIалдаса нахъе киналго школазда «Кодекс чести горца»,-абураб рагьараб дарс тIобитIизе. Гьелда гьоркьоб гIахьаллъи гьабизе буго АТКялъги.

Ахиралда дандбана гьаризесел тадбиразул план.

**Ахихъан**

Районалъул газета

№ 7 (7356)

14 февраль 2019 сон



РДялъул Госдумаялъул депутат ХI-М. ГIумаровас тIоцевесев вице-премьер А. Силуановасухъе запрос битIана РДялъул Правительствалъе I0 млрд. гъурущ щай рехичIеб,-ян. Гьес хъвалеб буго: «Халкъияб информациялъул алатаздасан лъалеб букIахъе РДялъул Правительствалъе кьун гьечIо I0 млрд. гIарац араб соналда. Кинал программабазе ва проектазе гьеб битIарабали лъазабе»,-ян.

ТIадеги лъай кьолел учрежденияздa - хIалтIи

# ГIолеб гIел куцалеб къебелъи

ТIадеги лъай кьеялъул программаялда хурхун гIолеб гIелалъе лъайгун тарбия кьеялъул мурадалда гIемераб хIалтIи гьабулеб



буго районалъул Унсоколо росулъ бугеб СДЮТЭялъ (гIолел туристазул ва экскурсиязул станция). Кинавниги гьезул руго 26 хIалтIухъан, гьезул I5 ял ккола педагогал.

Хасаб календарнияб планалда рекъон гIуцIула гьениб лъималазе тарбия-махщел щвеялъе тIобитIулеб хIалтIи. гьеб бухьинабун букIуна Россиялъул, республикаялъул, районалъул тари-хиял къоязда.

ЦIалул соналъул байбихьудаго лъагIалил хIалтIул план гьоркьоб лъун тIобитIула дандельи, хIисабалде росула пайда босизе бегьулел рахъал, лъимал занятиязде бокьун хьвадиялъе гьаризесел тадбирал. Четверталда жаниб цо нухалъ ахIула педсоветалъул дандельи. Гьенире росула цIалулгун тарбия кьеялъул, тIоритIизе ругел тадбиразда хурхарал суалал. Занятиял тIоритIула рагьараб къагIидаялъ. Гьедин араб соналда тIоритIун руго «Бесланалъул къварилъиялъул дандережи», «Имам Шамиль -Кавказалъул бахIарчи», Унсоколо росдал ветераназулгун дандчIвай, «Районалъул рухIиял насихIатчагIи», «МахIачхъала – дир тахшагьар», «ВатIан цIунарал нилъер чIухIи ккола», «Эбел-бищунго аслияб рагIи», «Унсоколо - дир гьитIинаб ВатIан» ва цогидалги темабазда рагьарал занятиял.

Жиб-жиб моцIалъ тIоритIун руго терроризмалде данде тадбиралги. Аслияб к1вар гьениб кьола туризмалъул х1алт1уде. Гьелда хурхун араб соналда тIоритIун руго гьадинал тадбирал; туристазул хаслихълъиялъулаб фестиваль, туризмалъул техника хIалтIизабиялъул къецал, «Юный спасатель», карта ва топографическиял гIаламатал, медицина, ОБЖялъул, туризмалъул хIасилазулги г1емерал къецал.

Рохизе ккараб ишлъун буго РоссиялъулнусголъикIалтIадегилъай кьолел бакIазда гьоркьобе Унсоколо СДЮТЭ унеб ва гьезул конкурсалъул лауреатлъун гьеб бахъун букIин. Араб соналда Санкт-Петербургалда букIараб ТIолгосоюзалъул лъай кьеялъул «Школа будущего» форумалда гIахьаллъана гьел. Гьениб СДЮТЭялъул директор Л. МухIамадгIалиевасе кьуна «Директор года» абураб каранда балеб гIаламатги.

Жидерго хIалтIулал ишазда станциялъ кIудияб кIвар кьола лъималазул кругозор гIатIилъиялде, гьезул творческияб бажари цебетIеялде. Гьедин гьабула туризмалда, край лъазабиялда, ТОКСалъул багъа-бачариялда, музеязулаб экскурсиязда, экологиялда хурхун тIоритIулел тадбиразда. Станциялда буго пикру цебетIурал лъималгун хIалтIиялъе хасаб программа. Гьелъул площадкалъун лъугьунги буго станция. Гьедин кIвар кьеялда гьоркь букIуна лъимал тарихиял бакIазде рачун умумазул мисалалда куцай.

Кидагосеб кIвар кьола ТIолгороссиялъул, республикаялъул, районалъул олимипиадабазда, конкурсазда гIахьаллъиялде. Гьедин тахшагьаралда «Нилъ халкъазул гьудуллъиялъул рахъалъ къуватал руго»,-абураб конкурсалдагIолевкрай лъазабулев С. ГIабдулаевас ккуна II бакI, «Дагъистаниял - батIибатIиял ишазда»,-абураб темаялда ХI. ХIусейновас ккуна III бакI, республикаялъул «Нижер районалъул гIадамазул культурияб ирс»,-абураб темаялда I бакI ккуна П. ГIабдулхIажиевалъ, республикаялъул прикладнияб искусствалъул выставкаялда III бакI ккуна Ф. ГIалиевалъ. Республикаялда тIоритIулел тIолалго къецазулъ гIахьаллълула станциялъул тарбия щварал ва щибаб нухалъ лъикIаб рахъалъ рихьизарула жалго.

Гьединго экскурсиял тIоритIун руго Кавказалъул рагъул нухазда,



викторина гьабун буго М. Дахадаевасул гIумроялъул нухалда хурхун. Лъималазе дандчIвай гIуцIун буго республикаялдаго цо гурони гьечIей геолог Х. ХIасановалъулгун, ишалъулъ церетIурал гIадамазулгун.

Цогидаб кIвар бугеб рахъ станциялъул хIалтIул буго экология – тIабигIат цIуни. Гьелде цIунакъараб бербалагьи гьабизе ккей гIадаб кIвар бугеб масъала жакъа щибха бугеб? Станциялъ тIобитIун буго «Лъел къо», «ГъутIби чIеялъул къо», «БацIцIадаб рохь», «РацIалъидиналъул бащалъи», «ГъветI чIе!» гIадал тадбирал. Рохьоре уна «БацIцIадаб рохь»,-абураб акцияги гIуцIун, гьеб ва цогидалги тIабигIиял бакIал рацIцIад гьаризе лъималгун цадахъ г1емер къват1ире рахъуна.

ГIолеб гIелалъе патриотикияб тарбия кьеялъул ишги берзукьа борчIуларо станциялъулазул. Лъималазе гьенир тIоритIула бихьинчилъиялъул дарсал, гарачIвариял, къецал, рагъул темаялда викторина. КIудияб ВатIанияб рагъул ва I999 соналъул лъугьа-бахьиназул гIемераб материал бакIарун буго гьениб. Гьединго тIобитIун буго «Рагъул лъимал – Бергьенлъиялъул лъимал!»,-абураб акция. Гьединал тадбираз лъималазе кумек гьабула квешабги лъикIабги цоцалъа бахъизе гуребги лъикIабщиналъул асаралда гьоркь тарбия щвезеги. ГIолеб гIел куцалъул къебельи СЮТалъулазе хадурккунги бергьенлъаби щвей буго нилъер мурад.

**С. КЪЕБЕДМУХIАМАДОВА.**

Новость

# Новые услуги Минприроды в МФЦ!

Уважаемые жители Унцукульского района, доводим до вашего сведения, что в связи с заключением дополнительного соглашения о взаимодействии между МФЦ и Министерством природных ресурсов и экологии РД, в центрах «Мои Документы» появились новые услуги.

Среди них:

- выдача разрешений на добычу охотничьих ресурсов, в целях любительской и спортивной охоты. - проведение государственной экспертизы запасов полезных ископаемых.
- выдача разрешений на содержание и разведение охотничьих ресурсов в полувольных условиях и искусственно созданной среде обитания
- выдача разрешений на добычу объектов животного мира.

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 7 (7356)
Хамиз
14 февраль 2019 сон

3 гьумер

## Рагъул ахирисел къоял

Кисанго кумек гьечIеб
СагIат тIаде гIунтIана,
Сабруялда имамас
Амру кьуна гохI теян.
Дунялалда машгьурав
ШаргIалъул кьучIав хIуби

Щваги Шамиль, дур баркат,
ТIолго Дагъистаналъе.
ГьитIинаб миллаталъул
Гьунар тIокIав багьадур,
БахIарчияб халкъалъул
Къуркьи гьечIев цевехъан.

Шамилги АхIулгохIги,
Унго, нужер хиралъи,
Абадиялъ наслабаз
БутIрул къулила нужей.

ЦIияб тIехь: «АхIулгохIил рагъ лъугIун - 180 сон»

# «АхIулгохIил» рагъул ахирисел къоял

**(Байбихьи 6 номералда)**

Гъваридаб чалалда жанир, гIаммаб хоблъун гьебги гьабун, рукъана гьеб къоялда АхIулгохIда шагьидлъарал гъазизаби. БатIаго, цоги чалалда жанир рукъана бахIарчиго хварал руччабиги лъималги. ХIинкъи тIагIараб гъазаваталда шагьидлъаразда гьоркьор рукIана: ГIашилтIаса МухIамад, ЧIиркъатIаса Гъази, Гьарадерихъа Оцав, ГIоратIаса СагIаду ва гIемерал цогидалги. РукIана лъукъаралги. Лъукъун вукIана Шамил имамасул яц ПатIиматил рос Хасбулатги, амма гьесул квегIаб гьежалда щвараб ругъун хвалилаб букIинчIо, гьединлъидал, гьес гьелде кIудияб кIварго кьечIо. Ругъунги къачIан, щибго лъугьинчIев чи гIадин, Хасбулат киназдаго цадахъ АхIулгохIда гьарулел тадбиразулъ гIахьаллъулев вукIана.

Гьеб къоялъ АхIулгохIда рукIарал камиял гIемераб бахIарчияб рагъуда дандеккун, цересел къоязда гьарурал киналго рагъал гьадингоял лъугьа-бахъиналлъун рукIана. Гьеб букIана гIисинал-чIахIиял, бихьинал-руччаби батIа гьаричIого, киналго хIалкIолел гIадамаз гIахьаллъи гьабураб тIоцебесеб рагъул къо.

Гьеб сордоялдасан байбихьана АхIулгохI цIунаразул унго-унгоял къарилъабиги захIмалъабиги. Лъарахъе лъел цIезе ине нухал къана. ТIаде сурсатал рачIине ресал дагьлъана. Къаде рагъун свакарал гIадамазе къасе хIухьбахъи гьабизе рес букIинчIо. Гьебго сордоялъ байбихьана хIалуцун хIалтIизеги, щулалъаби цIи гьаризеги, цIиял хандакъал рухъизеги.

Имамасда бичIчIана, къватIисан хехаб кумек тIаде щвечIони, АхIулгохIалъул ахир лъикIаб букIине гьечIолъи. Гьес наиб ГъалбацI-дибир витIун вукIана гIандадерил боги бакIарун, нахъасан тушманасде гьужум гьабизе. Гьанже гьес Колоса Сурхайги жиндаго аскIове ахIана ва гьесда тIад къана магIарухъа бо бакIаризе ва сурсатал гохIде ритIизе а,-ян.

ЦIиял рагъухъаби имамасе хIажат рукIана АхIулгохIдаги. Кинавниги азаралда ункънусго чи гурони вукIинчIел магIарулазеги гьениб гIемерал камиял ккана. ЦIикIк1араб букIана лъукъаразулги унтаразулги къадар. Ращадал гурони гIадамал рагъуе ярагьунеб хIалалда рукIинчIо. Гьединлъидал, кумек балагьизе Шамилица чапарзаби ритIана сверухъ ругел цо-цо росабалъе.

Жавгьаратги, чIужу ПатIиматги, яц ПатIиматги, Хасбулатги, Ибрагьимги, СалихIилавги, цогидал кумекалъе рачIаралги тIаделъун, имамасул рукъзал рукIалиде ккезаруна. Цинги, дагьабго заманаялъ, гIицIго рогьалил как ахIизегIан щвана гьезие хIухьбахъи гьабизе.

ЩулалъулгохI дандияз ккурабго, гъазизабаз ГIандигIурухъе буссараб чаранкьурулъан АхIулгохIде хехаб къагIидаялда «нух» гьабун букIана, кьурабалъ цIулал магIалги кьабун, кварил малалги гIодоре риччан. Гьединго ЧIиркъатIехун рахине битIахъе НухгьечIебгохIда цебе ГIандигIурул кIиябго рагIалдаса чIалаби разарун рукIана гIурул бакьулъан баккун бугеб кIудияб ганчIиде. Гьанже къойил гьенисан дагьабниги кумек щолеб, кванил нигIматал ва рагъул сурсатал тIаде рачIунел рукIана, хасго ЧIикIасанхун. Имамасул тIадкъаялда рекъон Колоса Сурхайица гьеб кумек балагьизе



тIамун рукIана КIкIаратIаса ГъалбацI-дибирги ГIандиса Лабазанги. Живго Сурхай Балахьуниса Мусада цадахъ лъугьун игьелдерил рахъалдасан ва Сагъри кьода сверухъ дандиязул рахIат хвезабулезда, нахъасан гьезда кьабулезда гьоркьове жувана.

Генерал Граббеда бихьана гъазизаби щулаго сверун кквечIого, къватIибехун гьезул кинабгIа ги бухьен лъугIизабичIого, гьезие тIаде сурсатал рачIунел нухал къачIого, лъедаса, кванидаса ва макьидаса магIарулал махIрум гьаричIого АхIулгохI бахъизе кинго бажарулареблъи. Цебего гIадин щибаб къойил кIиябго гохIде хIалуцараб куцалда гIарадаби кьвагьулаго, гохIде рахине хIажалъулел хIалтIабиги гьарулаго, гIурусаз цадахъго байбихьана гIурул кваранаб рагIал квезе ва чIекъдерил кьо къачIазе.

АхIулгохIде рахине дандияз гьарулел хIалтIабазул бищунго магIарулазул рахIат хвезабулеблъун букIана тIаса гъоркье рачIине гьабулеб бугеб тIад тIокъараб нух. Сордойилго гохIаздаса къватIиреги рахъун, магIарулазул гIисинал къокъабаз гьарулел тIадекIанцIиязда тушбабазул церехун рачIин чIезабизе кIолеб букIинчIо. Къоабилеб августалдаса хадуб Шамилица цIидасан гъазизабазул жигарчилъи цIикIкIинабуна ва тIадекIанцIиял кутаклъизаруна. Гьеб сордоялъ АхIулгохIдаса къватIибе бахъана магIарулазул кIиго бо. Рихьуниса Билал МухIамадил бетIерлъуда кIудияб бо ана гIешдерил лъарахъа эхеде ва цебесеб кьурда ругел солдатазда тIаде кIанцIана. Гьеб бодул мурад букIана Ахъбердил МухIамадил бетIерлъиялда гъоркь ЩулалъулгохIдехун балагьун къватIибе бахъараб добцояб гьитIинаб бода данде риччачIого гIурусал чIезари. Ахъбердиласул боца кьуруса гъоркье рехана, хIалтIаби гьарулел гъазизабаздаса цIунизелъун, пардав гIадин, цебе эхетизабулеб букIараб цIакъго кIудияб цIулал «къолден». Цинги цIа лъуна нухалда тIад гьабураб тIокъода. Тушманасе цIикIкIараб заралги камиялги ккезарун, рогьел гIагарлъиялде, ай гIурусазул гIарадаби кьвагьдезе лъугьиналде, кIиябго бо сах-саламатго АхIулгохIде тIад буссана.

Хадусеб къоялъул радалго, тушбабазул гIарадабазул кьвагьи бахъиналда цадахъ Сагъри кьодул цояб рахъалдасан дандиязда нахъасан кьаби щвезабуна Балахьуниса Мусал чотIахъабаз. ГIандигIурул квегIаб рахъалдехун араб ГъалбацI-дибирил боца гьелдаги хадусеб къоялъ ЧIиркъатIа росу ккуна. Гьедин гъазизабазул бояз къватIисан кьаби щвезабизе лъугьана гIурус аскаралда. Щибаб мехалида АхIулгохIдасаги гъазизаби къватIире рахъунел рукIана. ГIемерал магIарулал гIахьаллъарал ва дандиязе кIудияб зарал кьурал гьужумал гьаруна хасго къоло кIиабилеб ва къоло щуабилеб июлалда. Гьедин, АхулгохIдаса къватIиве вахъун, бахIарчиго вагъулаго шагьидлъана гьоцIдерил бег, ХIамзат имамасул вац ГIамирхан.

ЧIикIаса Жамалил гьоркьоблъиялдалъун къоло анлъабилеб июлалда кIиябго рахъалъ рагъ чIезе тана ва гара-чIвариязде байбихьана. Граббеца тIалаб гьабулеб букIана гъоркьлъалие имамасул вас кьей, Шамилги киналго гъазизабиги кверде рачIин, киналго рагъухъабаз ярагъ нахъе кьей ва абадиялъего АхIулгохIде гьоркьоре унел киналго бакIал Россиялъул падишагьасул ракьаллъун рикIкIин. Шамилица къабул гьаричIо генераласул тIалабал. Имамас абулеб букIана АхулгохIда цIикIкIарал гIадамал ругел ГIашилтIа, ЧIиркъатIа, Генуб росабалъа цо-цо чи аманаталъе кьелин ва АхIулгохIдаса киналго эркенго нахъе риччайилан. Гьел гара-чIвариял халат рахъана гIицIго цо чанго сагIаталъ ва кIиябго рахъалъул рагIи данде бачIинчIого, риххизе тана.

ГъалбацI-Дибирицаги Балахьуниса Мусацаги нахъасан тушманасе рахIат толеб букIинчIо. Гьез чIекъдерил кьо базе квал-квал гьабулеб букIана. ГIицIго гIагардухъ гIарадаби лъун хадуб бажарана гIурусазда дагьабниги хIалтIи цебехун бачине. Кьо цIи гьабизе чотIахъабаз гьезие кинго биччачIо, амма, гIарадабазул кьвагьиялда нахъа рахчун хIалтIулаго, дандиязда кIвана гIурул цояб рагIалде рахине ярагьунеб заманаялъулаб нух гьабизе. Гьелдасан гIурул квегIаб рахъалде рорчIана гIурусазул рагъухъабиги, чуялги, къайи-сурсаталги, хIатта гIарадабигицин.

Ункъабилеб августалъул къалъул гIужалда ЧIиркъатIа росу тушбабазул кверщаликье ккана. БачIинахъего гьез байбихьана АхIулгохIда дандбитIун гIарадаби лъезе. Гьединго авар ва Мехтулил милициялги гIурул квегIаб рахъалдехун рахана. Сагъри кьода ва игьелдерида гIагардегIан гьел рукIарал бакIал ккуна шамхаласул милициялъ.

Балахьуниса Мусаги гьесул чотIахъабазул хутIарал чагIиги Игьалирго тун, гьебго къоялъ Колоса Сурхайги АхIулгохIде тIад вуссана. Гьес имамасда бицана гохI цIунаразе хIажатал сурсаталгун хадубго ГIандиса Лабазанил боги бачIунеб бугилан. АхIулгохIин абуни Лабазан тIаде щвелалде тIубанго сверун ккун букIана. Гьесул боги сурсаталги Шамилихъе рорчIичIо. Лабазанги кIинусго бахIарчиги АхIулгохIда гIагарлъухъ чIун рукIана, санагIалъи рекъан-щинахъе сурсатал дагь-дагьккун жанире ритIи зе. **(Хадусеб бук1ине буго)**

Внимание!

# Грипп: немедленно обратитесь к врачу

Уважаемые жители Унцукульского района!. На сегодняшний день ситуация по Гриппу осложнена, как в целом по Республике так и в нашем районе. 26.01.2019 году в Унцукульском районе зарегистрирован случай гриппа H1N1, как упоминается в народе свиной грипп. Последний случай гриппа в районе отмечался в 2009 году. И великому сожалению 27 числа больная гриппом скончалась от возникших осложнений.

Очень многие, не ошибусь если даже скажу что почти все, путают простудные заболевания с гриппом и продолжают самостоятельно принимать лекарства и вести обычный режим, тем самым тянут самое важное при этой инфекции - ВРЕМЯ.

Это коварное и опасное заболевание способное вызвать тяжелые осложнения, такие как пневмония, менингит, сердечно-дыхательную недостаточность, приводящие к смерти.

<u>Какие самые частые симптомы у гриппа?</u>

- Абсолютно все формы гриппа могут вызвать:
•лихорадку ( температура выше 38С)
•выраженную слабость
•головную боль и ломоту во всем теле
•кашель
•насморк
•боли в горле

<u>Для кого особо опасен ГРИПП?</u>

•Люди, находящиеся в группе риска осложнений:
• пожилые старше 65 лет.
•люди с хроническими заболеваниями различных органов и систем, а именно лёгких.
• дети, в особенности до 1-го года.
• беременные женщины, составляют особо опасную категорию.

<u>- Как можно защититься от ГРИППА?</u>

•вакцинироваться от гриппа - самый лучший вариант. Другого пути специфической защиты от гриппа нет.

Все, кто сделал прививку, могут считать себя защищёнными, и даже, если заболеют, то в очень легкой форме, и в течении 2-3 дней человек здоров. Но сейчас вводить вакцину от гриппа уже поздно.

<u>Главное соблюдать элементарные меры профилактики:</u>

•чаще мойте руки с мылом и никогда не трогайте своё лицо особенно глаза и нос руками.
•держитесь подальше от людей, которые больны.
•до минимума сократить посещение мест большого скопления людей.
•чаще проветривайте помещения, вирус «боится» свежего воздуха.
• укрепить иммунитет- правильно питаться и есть больше фруктов и овощей.
•рекомендуется обильное питье ( отвары трав, компот из шиповника, кураги и клюквы).

Исходя из всего сказанного, мы настоятельно просим всех жителей района, при возникновении первых же симптомов немедленно обратиться за медицинской помощью.

Сахлъи

# Бидурихъазул унти

Боходзул бидурихъазул атеросклерозалъул хIасилалда ракI унтизе бегьула

Гьеб унтул руго гьадинал гIаламатал:
I. Рилълъунеб мехалда боходул унтула.
2. Болъодухъан рахунаго, унти цIикIкIуна.
3. Зама-заманалдасан рекъдизе лъугьуна.

Эндартериитилан абула бохдузул бидурихъазул унтиялда. Гьеб унти бугони би хьвадиялъул низам хола. Гьелъул гIаламатал ккола:
I. Хехго свакай.
2. Ччорбол рукIкIин.
3. Гьоркьо-гьоркьор рекъди.
4. Рекерун унел ругел гIадин бохдул цIуни.

<u>Бидурихьал гIатIилъиялда абула варикозилан.</u>
<u>Гьелъул гIаламатал ккола:</u>
I. ТIомода гьоркь ругел бидурихьал гIатIилъи.
2. Бохдул ракIлъи.
3. Хехго свакай.
4. Ччорбал рукIкIин гIемерлъи.
5. БакI-бакIалдаса бохдул гьорой.

<u>Бидурихьал раци</u>

Бидурихьал рациялъул хIасилалда би бакъвала ва жанир лъугьуна бидул кьентелал, кескал.

<u>Унтул гIаламатал:</u>
I. Бохдул гьорой цIикIкIуна.
2. ЦIа-кан бахуна.
3. Бидурихьал данде кьала.
4. Унти хIалуцуна.

Бидурихьаздасан биялда нух бахъизе кIолареб ва би букIине кколеб даражаялда хьвадулареб мехалдаги щукIдул рукIкIин цIикIкIуна.

<u>Бохдузул бидурихьал унтаразе лъикIаб буго:</u>
I. Даруял хурдузул лъим.
2. Компрессал гьарун, унтараб бакI бухьин.
3. Лъел компрессал гьари.

<u>ХIалтIизаризе бегьула гьадинал хурдул:</u>

-ХIамагагаялъул (одуванчик) кьибилалъ кумек гьабула варикоз сахлъизабизе.

Кьибил бакъвазабула ва кванилъе базеги бегьула.

-Конский каштан. Гьелъул 50 граммалде тIела 0,5 литр гIаракьи. КIиго анкьидасан, кьойида жаниб лъабго нухалда 30-40 кьатIра гьекъела. КъоркъотIанхил тIанчал катнидаги лъун, унтараб бакIалда бухьина.

-Гъаранальул (укроп) лъим жубазабила рахьгун (I:2). Гьеб хIалтIизабила компрессалъе.

<u>Бохдузул сахлъи цIуниялъе гьарулел тадбирал:</u>

Къаси дагь кваназе ккола. Къасимехалдехун би бети цIикIкIуна, гьелъул хIасилалда тромбаз лъугьине рес буго.

Кванил низам цIунизе тIадаб буго. Гьединго, цIияб гьаваялда тира-сверизеги лъикIаб буго. Угьдул рорхатал хьитал ретIине лъикIаб гьечIо.

**ОБЪЯВЛЕНИЕ**

Военный комиссариат проводит набор юношей, 1993-2000 годов рождения, для подготовки по военно-учетной специальности водитель транспортных средств, категории «В,С», обучение будет проходит в автошколе ДОСААФ, г. Буйнакск республики Дагестан.

За справками обращаться; пгт. Шамилькала в военный комиссариат (Унцукульского района Республики Дагестан), т: **55-10-22.**

**Ш. Магомедов. Военный комиссар Унцукульского района РД**

# МухIамадов Устар

Гьаб соналъул февралалда 75 сонил гIумроялда нилъедаса ватIалъана лъикIав инсан, бажари бугев нухмалъулев МухIамадов Устар МухIамадханович.

У. МухIамадханов гьавуна I944 соналъул 11 июлалда Унсоколо районалъул ХарачIи росулъ. Жиндирго захIматалъулаб нух Iьес байбихьана росулъ бугеб библиотекаялъул завлъун хIалтIулаго. ЛъугIизабуна Буйнакск шагьаралда педучилище, хадув цIалана Дагъистаналъул педагогическияб университеталда математикаялъул ва физикаялъул факультеталда. Гьеб лъугIизабуна I995 соналда. I963 соналдаса I972 соналде щвезегIан хIалтIана росдал школалда байбихьул классазул учителълъун, I972 соналдаса I979 соналде щвезегIан вищун вукIана росдал Советалъул председателълъун. I990 соналдаса нахъе вукIана росдал школалъул директорлъун ва учителълъун.

ХарачIи росдал гIадамазе ва лъалел-хъвалезе У. МухIамадов вукIана хIалимав, гурхIел бугев кумекчилъун, щиб кканиги росдал гIадамазда квер чIвалев лъикIав инсанлъун.

Районалъул лъай кьеялъул отделалъул тIолалго хIалтIухъабаз гьваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго У. МухIамадовасул лъималазда, хъизаналда ва тIолабго гIагарлъиялда гьев абадияб рокъове иналда бан.

Аллагьас гьесие алжан насиб гьабун батаги, нахъе ругезе гIумроги кьеги!

# *Халкъазда гьоркьосеб турниралда бергьана*



Гьаб соналъул 6-8 февралалда Беларусь республикаялъул Минск шагьаралда унел рукIана Халкъазда гьоркьосеб гIадатлъун лъугьараб эркенаб гугариялъул «Медвежонок», 2002-2003 соназда гьарурал васазулги ясазулги турнир. Гьенир гIахьаллъана Россиялдаса, Украиналдаса, Литваялдаса, Латвиялдаса, Абхазиялдаса, Казахстаналдаса ва Белоруссиялдаса 300 гIанисев спортсмен. Гьезда гьорлъ рукIана нилъер Дагъистаналдаса речIчIухъабазул группаги. Турниралда гвангъараб речIчIи бихьизабуна нилъер районалъул ГIашилтIа росулъа спортсмен Гарип ГIабдулаевас.

ГI. ГIабдулаев ккола республикаялул эркенабгун греко-рималъул гугариялъул видалъул рахъалъ къуватав спортсмен. Гьев ккола районалъул, республикаялъул, Россиялъул чемпион. Чемпион ккола ТIолгороссиялъул, халкъазда гьоркьосел турниразулги. Спортсмен хIадурула тренер Ш. ГIалиевасул нухмалъиялда гьоркь.

РакI-ракIалъ баркула ГI. ГIабдулаевасда иргадулаб бергьенлъи!

ЛЪАЗАБИ

I998 соналда Унсоколо № 1 гьоркьохьеб школалъ МуртазагIалиев Расул МухIамадовичасул цIаралда кьураб № А 26I96I3 бугеб гьоркьохьеб лъаялъул аттестат билун буго. Гьанжеялдаса гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.

**<u>Газета основана 1937 г.</u>**

**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**

**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**<u>Адрес редакции:</u>**
**51373**
**Унцукульский район**
**п. Шамилькала**
**ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора**
**89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**398940**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 13. 02. 19 г. 16. 00
фактически -16. 30 мин.
.........................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.